**БисмиллахIиррохьманиррохьим**

# ДоIина жоп даларан некъаш

***Деле дехаран бехкамаш, гIиллакхаш, масалш***

Дешхьалхе

Хастам бу АллахIна, доIина жоп луш, гIалаташна гечдеш, бехкашна къинтIера волуш а, стигланин, лаьттан а Дела волчу. Делера къинхетам, маршо а хуьлийла ламазехь шен дог паргIатдолуш хилла волчу Элчанна, цуьнан доьзална, асхьабашна, шайга валар кхаччалц цара беанчу нийсачу некъана тIаьхьабаьзначарна а.

**ДоIадаран дозалла**

1. **Сийлахьчу Къуръана чохь**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Сан леша Сох лаьцна хьоьга хаьттича, баккъалла а, Со гергахь Ву. Доьхуш волчун дехарна жоп луш ву Со, цо Соьга дехча. Цара Суна а жоп лойла** (Суна муьтIахь хиларца)**, уьш Сох тешийла, тIаккха уьш нислур бу».** *«Аль-Бакъарат», 186.*
Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шун Дала аьлла: «Аш Соьга деха, Аса жоп лур ду шуна».** *«ГIофир», 60.*
Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шайн Деле кхайкха** (доIа де) **хьастадаларца, аз гIелдарца а. Баккъалла а, Цунна ца беза** (доIа дарехь) **дозанал тIехбуьйлурш. Лаьтта тIехь бохамаш ма бе аш, и цIанделлачул тIаьхьа** (пайхамарш бахкийтарца)**, Цуьнга** (Деле) **кхайкха** (Цуьнан Iазапах) **кхоьруш а,** (Цуьнан къинхетаме) **догдохуш а. Баккъалла а, АллахIан къинхетам герга бу дика Iамалш ечарна».** *«Аль-АIраф», 55-56.*

2. **Пайхамаран** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **суннатехь**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Веза-Сийлахьчу АллахIан гергахь доIанал а сийлахь хIума дац».** *Тирмизи.*
Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«АллахI оьгIазвоьду Шега доьхуш воцчунна».** *Тирмизи.*
Абу СаIи́да (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «**Цхьа а бусалба стаг ма вац АллахIе доIа деш, къа долу хIума а, гергарло хедор а ца доьхуш, АллахIа цунна и бахьанехь кхаа хIуманах цхьаъ луш бен: цо деханарг сихха цунна лур ду**

**Цо; Цо иза цунна дӀадуьллур ду эхартана; цо доьхучу хIуманан барамехь цунах вуон дIахьовзор ду Цо».** Цара элира: **«ТIаккха-м оха Цуьнга дуккха а доьхур ду»**. Цо элира: **«АллахI аш доьхучул алсам лур долуш ву».** *Ахьмад.*

Салмана (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла**: «Баккъалла а, АллахI Комаьрша ву; стага шен ши куьг** (доIа деш) **Цуьнга хьалаайбича, Цо и шиъ жоп ца луш даьсса ца дуьту».** *Абу Давуд.*

Ибн Iумара (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«ДоIано пайда бо тIедеанчунна, тIеданза долчунна а. ХIай АллахIан леш, доIа деш хилалаш».** *Хьаким, Ахьмад.*

Салмана (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла**: «Кхиэл** (азаллехь яздинарг) **юхатухур яц доIано бен, оьмар яхйийр ма яц дика хиларо бен».** *Тирмизи.*

## ДоIадаран коьрта бехкамаш

1. Даггара хилар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахIе деха аш, Цуьнан дин даггара леладеш, – керсталла диначарна мел ца дезахь а».** *«ГIофир», 14.*
2. Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тIаьхьавазар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шу тIаьхьадаза цунна** (Элчанна)**, тIаккха нислур ду шу».** *«Аль-АIраф», 158.*
3. Шен доIина АллахIа жоп лург хиларх догтешна хилар. Бусалба стаг Везчу АллахIах тешарехь соввоккхучух ду – дерриг а диканаш, беркаташ а Везчу АллахIера дуй хаар. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«АллахIе деха аш, Цо шайна жоп лург хиларх догтешна долуш».** *Тирмизи.*
4. АллахIна хьаставелла, Цуьнгара меле сатуьйсуш, Цуьнан Iазапах кхеравелла волуш а дехар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, уьш** (пайхамарш) **бара дика хIума дарехь сихо еш. Тхоьга доьхура цара** (Тхан къинхетаме) **догдохуш,** (Тхан Iазапах) **кхоьруш а; уьш бара Тхуна муьтIахь».** *«Аль-Анбияъ», 90.*
5. Шен дог-ойла чIагIйина, хадам боллуш шена дезарг дехар. Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Шух доIа деш волчо шен дог-ойла чIагIйойла, цо ма олийла: **«ХIай АллахI, Хьайна лаахь лохьа суна»;**

**баккъалла а, АллахӀна лууш доцург Цуьнга дайта цхьа а ма вац».** *Бухари, Муслим.*

## ДоӀина жоп далар духатуху бахьанаш

1. Хьарам дерг даар, малар, тӀедухар а. Цуьнан билггал долу делил Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен хьадисехь аьлларг ду: **«Веза-Сийлахь волу Дела ЦӀена ву, Цо цӀена доцург къобал ца до. Баккъалла а, АллахӀа бусалба нахе омра дина, элчанашка Ша омра дарх терра. Веза-Сийлахьчу Дала аьлла: «ХӀай элчанаш! ЦӀена** (хьанал) **долчух даа аш, дика Іамал а е аш! Баккъалла а, Со аш дийриг хууш ву».** *«Аль-Муъминун», 51.* **Веза-Сийлахьчу Дала аьлла: «ХӀай ийман диллинарш! Оха шайна деллачу рицкъанах цӀена** (хьанал) **дерг даа аш».** *«Аль-Бакъарат», 172.* Цул тӀаьхьа цхьа стаг хьахийра цо, шен некъ бахбелла, месаш хьирчина, ченах вуьзна, шен ши куьг *(доӀина)* хьалаайбина *(кхойкхуш)* волу: **«ХӀай сан Дела, хӀай сан Дела!» Цуьнан яахӀума хьарам яра, цуьнан молу хӀума хьарам яра, цуьнан духар хьарам дара, хьарам кхача баош кхиийна вара иза. Цунна жоп муха лур ду?!»** *Муслим.*
2. Сихха жоп хӀунда ца ло аьлла хеташ, доӀадар дитар. Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шух хӀорамма динчу доӀина жоп лур ду, «Ас дийхира, амма суна жоп ца делира» ша олуш, иза сих ца велчхьана.** *Бухари, Муслим.*
3. Хьарам дерг, Іеса долу хӀуманаш а лелор.

Назманчо аьлла:

**Вай Деле доьхуш хуьлу массо а халонгахь,**
**Цул тӀаьхьа Иза вицво вай хало дӀаяьлча,**
**Вай дог муха дохур ду доӀина жоп даларе,**
**Вай цуьнан некъ къиношца дӀакъевлина хилча?!**

4. Дала шеца омра динарг кхочуш ца деш дитар. Хьузайфата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Сайн са карахь долчух** (АллахӀах) **дуй буу ас, аш диканца омра дийр ду, вуониг ма де эр ду я АллахӀ герга ву-кх Шегара Іазап шуна тӀедаийта. Цул тӀаьхьа аш Цуьнга доьхур ду, шуна жоп лур дац».** *Тирмизи.*

5. Къа долу хIума, гергарло хедор а доьхуш доIа дар. Абу СаIи́да (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «**Цхьа а бусалба стаг ма вац АллахIе доIа деш, къа долу хIума а, гергарло хедор а ца доьхуш, АллахIа цунна и бахьанехь кхаа хIуманах цхьаъ луш бен: цо дехнарг сихха цунна лур ду Цо; Цо иза цунна дIадуьллур ду эхартана; цо доьхучу хIуманан барамехь цунах вуон дIахьовзор ду Цо».** Цара элира: **«ТIаккха-м оха Цуьнга дуккха а доьхур ду»**. Цо элира: **«АллахI аш доьхучул алсам лур долуш ву».** *Ахьмад.*

**ДоIадарехь дуьйлу цхьадолу гIалаташ**

1. Хила тарлуш доцург я хьекъало тIедуьтуш доцург я, шариIатехь мегаш доцург дехар.
2. Шен дегIана, доьзална, даьхнина а вуонца доIадар.
3. Цхьа стаг Iессаллехь соввакххар доьхуш доIадар.
4. Гергарло хадор доьхуш доIадар.
5. Iеса хIума даржийтар доьхуш доIадар.
6. ДоIадаран гIиллакхаш дитар.
7. ДоIа дечу хенахь хьахо йогIуш йолу АллахIан цIераш ца хьахош йитар.
8. ДоIина жоп даларехь догдиллар я кхачам боллуш тешаш цахилар.
9. Аз айбарехь тIехвийлар.
10. Дог ца догIуш велха гIертар.

**ДоIадаран гIиллакхаш**

1. Шен доIа, АллахIна хастам а бина, цул тIаьхьа Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) салават диллина дIадолор, иштта чекхдаккхар а. Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) гира цхьана стага ламаз деш, АллахIна хастам а бина Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) салават диллира цо. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«ХIай ламаз деш верг, доIа де ахь – АллахIа хьан доIина жоп лур ду, деха ахь – хьуна лур ду».** *Насаи.*
2. ПаргIатонехь волуш, халонгахь волуш а доIадар. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Ша халонгахь, баланехь а волчу хенахь**

**АллахIа шен доIина жоп далар дезаш волчо, ша паргIатонехь волуш доIа дукха дойла».** *Тирмизи.*

3. Ша доIа дечу хенахь шена хезар долчу барамехь аз гIелдар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шайн Деле кхайкха** (доIа де) **хьастадаларца, аз гIелдарца а. Баккъалла а, Цунна ца беза** (доIа дарехь) **дозанал тIехбуьйлурш».** *«Аль-АIраф», 55.*
4. Ша доIа дечу хенахь АллахIна хьаставалар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Тхан Iазап шайга кхаьчча хьаста хIунда ца белира уьш** (АллахIна)**? Бакъду, церан дегнаш дакъаделира, шайтIано царна хаздира шаьш лелош хилларг».** *«Аль-АнIам», 43.*
5. КIорда ца дойтуш, юх-юха а АллахIе дехар. Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Аш дукха баха *«Я́ заль-Джала́ли валь-Икро́м.*** *(ХIай сийлаллийн, комаьршонан а Да)***».** *Тирмизи.*
6. ШарIо магийначу кепара Везчу АллахIна гергавуьгу некъ лахар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIай ийман диллинарш! Делах кхералаш, Цунна** (муьтIахь хиларца, Iибадат дарца) **герга вуьгу некъаш лахалаш».** *«Аль-Маидат», 35.*
7. Шегара дийлинчу къиношна, АллахIа шена динчу диканашна а ша доIа дечу хенахь къера хилар. Авсан кIанта Шаддада (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Гечдар дехаран эла ду – ахь алар: *«Алло́хIумма Анта робби́, ла́ ила́хIа илла́ Анта холакътани́, ва ана Iабдука, ва ана Iала́ IахIдика, ва ваIдика, мастатIоIту. АIу́зу бика мин шарри ма́ сонаIту, абу́у лака биниIматика Iалаййа, ва абу́у бизанби́, фагIфир ли́, фа иннахIу́ ла́ йагIфируз-зуну́ба илла́ Анта.*** *(Я АллахI, Хьо сан Дела ву, Хьо воцург дела вац, Ахьа со кхоьллина, со Хьан лай ву, со Хьан чIагIонна тIехь, Хьан ваIданна тIехь а ву, – сайн ницкъ ма-кхоччу. Аса Хьоьга сой Iалашвар доьху айса динчу вуонах. Ахьа сайна динчу диканна къера ву со, айса динчу къинна а къера ву со, суна гечдехьа, къиношна геч ца до, Хьо воцчо)***». Дийнахь даггара иза аьлларг, суьйренга валале оцу дийнахь иза велча, ялсаманин охIланах хир ву иза. Буьйсана даггара иза аьлларг, Iуьйренга валале оцу буьйсана иза велча, ялсаманин охIланах хир ву иза».** *Бухари, Тирмизи, Насаи, Ахьмад.*
8. Говза дешнаш далон гIерташ, доIадарехь дозанал тIех ца вийлар. Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) аьлла: **«ДоIа дечу хенахь говза дешнаш далон гIертарх ларлойла хьо, цунна гена а волийла хьо. Баккъалла а, Делан Элчанца а** (Делера салам-маршалла хуьлда

цунна)**, цуьнан асхьабашца а цхьаьна хилла ву со, и санна долчух генабовлар бен хIума ца дора цара».** *Бухари.*

9. Кхуз-кхузза дехар. Баккъалла а, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) кхузза элира: **«ХIай АллахI, къурайшаш иэшабе ахь».** *Бухари, Муслим.*
10. Къилбехьа верзар. Зайдан кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: **«Пайхамар** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **догIа деха вахара ламаз дечу метте, цо доIа дира догIа доьхуш, цул тIаьхьа, къилбехьа а вирзина, шен оба** (плащ) **харцхьаяьккхира цо».** *Бухари.*
11. ДоIа дечу хенахь шен ши куьг хьалаайбар. Салмана (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла**: «Баккъалла а, АллахI Комаьрша ву; стага шен ши куьг** (доIа деш) **Цуьнга хьалаайбича, Цо и шиъ жоп ца луш даьсса ца дуьту».** *Абу Давуд.*
12. Шен аьтто белахь, доIа дале ламаз эцар.
13. ДоIа дечу хенахь АллахIах кхеравелла велхар. Iумаран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ИбрахIима (Делера салам хуьлда цунна) доIадарх лаьцна долу Къуръанан аят дийшира, аьлла: **«ХIай сан Дела, цара** (жIараша) **тилийна дуккха а нах. Суна тIаьхьахIоьттинарг – иза сох ву».** *«ИбрахIим», 36.* Iийсас (Делера салам хуьлда цунна) аьлла: **«Ахь царна Iазап дахь а – уьш Хьан леш бу-кх, Ахь царна гечдахь – баккъалла а, Хьо Везаниг, хьукма нийса деш верг а Ву».** *«Аль-Маидат», 118.* ТIаккха Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен ши куьг хьала а айбина: **«ХIай АллахI, сан уммат, сан уммат»** – аьлла, вилхира. ТIаккха Веза-Сийлахьчу Дала элира: **«ХIай Джабраил, Мухьаммад волчу гIо, хьан Дела дика хууш ву** (и велхаран бахьана)**, ахь цуьнга хатта, хьо велхаран бахьана хIун ду?»** Джабраил (Делера салам хуьлда цунна) деара и волчу, цо цуьнга хьаьттира, тIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цунна дийцира, ша олуш: **«АллахI дика хууш ву-кх».** ТIаккха АллахIа элира: **«ХIай Джабраил, Мухьаммад волчу гIо, ахь ала: «Оха хьо резавийр ву хьан умматан хьокъехь, Оха хьо юьхьIаьржа а хIоттор вац».** *Муслим.*
14. АллахIа шена жоп даларе ша хьашт хилар гучудаккхар, Цуьнга шен къа-бала балхор а.
15. Ша кхечунна доIа дечу хенахь дуьххьара шена тIера дIаволавалар.

16. ДоIадарехь тIехцавийлар. Абу Умамата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, МугIаффалан кIантана IабдуллахIана шен кIанта олуш хезира, аьлла: **«ХIай АллахI, ялсамани чу со вахча аьтто агIор йолу кIайн гIала йоьху ас Хьоьга».** IабдуллахIа элира: **«ХIай сан жима кIант, АллахIе хьайна ялсамани еха, жоьжахатих хьой ларвар а деха. Баккъалла а, суна хезна Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **олуш: «ХIокху умматах цхьа нах хир бу, цIано ярехь, доIадарехь а дозанал тIехбуьйлуш».** *Абу Давуд, Ахьмад.*

17. Ша доIа дале хьалха, шегара дийлинчу къиношна дохковаьлла тоба дар, ша зулам динарш къинтIера бахар а. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахIе тоба де аш массара, хIай ийман диллина нах, декъала хир ду шу».** *«Ан-Нур», 31.*

18. Шена гечдар дехарца цхьана дена-нанна, бусалба нахана а гечдар дехар. Веза-Сийлахьчу Дала, Нухь-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) динчу доIанах лаьцна, боху: **«Сан Дела, Ахь гечдехьа суна, сан дена-нанна, бусалба а волуш сан хIусаме веанчунна, ийман диллинчу божаршна, ийман диллинчу зударшна а; зуламхой сов ма баха Ахь хIаллакьхиларехь бен».** *«Нухь», 28.*

19. Ша цхьаъ волчу АллахIе бен ца дехар. Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Айхьа доьхуш – АллахIе деха ахь, айхьа гIо доьхуш – АллахIе гIо деха ахь».** *Тирмизи.*

20. Шен дог-ойла АллахIна тIеерзор. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«АллахIе деха аш, шайна жоп лург хиларх тешна а долуш. Шуна хоийла, дог гIопал хилла волчун доIина АллахIа жоп луш цахилар».** *Тирмизи.*

21. Къуръана чохь я суннатехь деана долчу доIанашца АллахIе дехар. Масала: ***«Роббана́ а́тина́ фиддунйа́ хьасанатав-ва филь-а́хироти хьасанатав-ва къина́ Iаза́банна́р.*** *(ХIай тхан Дела, Ахьа тхуна дуьненахь а диканиг лохьа, эхартахь а диканиг лохьа, тхо жоьжахатин Iазапах лар а дехьа)». «Аль-Бакъарат», 201.*
***«Я́ мукъоллибаль-къулу́би, саббит къолби́ Iала́ ди́ника.*** *(ХIай дегнийн ойланаш хуьйцург, сан дог Хьайн дина тIехь сацадехьа (чIагIдехьа)». Ахьмад.*

22. Доьхуш волчо шен дехаре хьаьжжина доIа дерзор. Иштта дина доIа говза, цуьнан лаам чулоцуш а ду. Веза-Сийлахьчу Дала Шен лешка иштта деха, боху: ***«Роббана́ ла́ тузигI къулу́бана́ баIда из хIадайтана́, ва хIаб лана́ мил-ладунка рохьматан, иннака Анталь-ВаххIа́б.*** *(Тхан Дела, Айхьа тхуна нийса некъ гайтинчул тIаьхьа, тхан дегнаш юха ма*

*дахахьа, тхуна Хьайгара къинхетам лохьа. Баккъалла а, Хьо ву даима луш Верг)***.** *«Алу Імран», 8.* ДоІа деш волчунна суннат ду шен дехаре хьаьжжина шен доІа дерзор. Нагахь иза шена доьзалхо воьхуш велахь, цо доІа дерзор ду, масала, Аль-ВаххІáб (даима луш Верг), Ар-Роззáкъ (рицкъа луш Верг) – бохучу АллахІан цІерашца.

23. ДоІа дале хьалха дика Іамалш яр, масала: ламаз дар я закат далар, я сагІа даккхар, я, уьш йоцурш, кхи йолу АллахІна гергавуьгу Іамалш яр. Стага ламаз а дина, цул тІаьхьа доІа дича, я, сагІа а даьккхина, цул тІаьхьа доІа дича, иза къобал хиларна там болуш, догдохийла йолуш а хуьлу.

**ДоІина жоп даларна там болуш йолу хенаш, хьелаш, меттигаш а**

1. Лайлатуль-Къодри буьйса. Іаишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: **«Ас хьаьттира: «ХІай Делан Элча, ахь суна дийцахьа, Лайлатуль-Къодри буьйса муьлха ю суна хиъча, ас хІун ала деза?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) жоп делира: **«Ахь ала:** ***«АллóхІумма иннака Іафуввун, карúмун, тухьиббуль-Іафва, фаІфу Іаннú.*** *(ХІай АллахІ, баккъалла а, гечдеш а, комаьрша а, гечдар дезаш а ву-кх Хьо, гечдехьа суна)***»**. *Тирмизи.*
2. Дена-нанна дика хилар – доІина жоп даларан бахьанех ду. ХаттІабан кІанта Іумара (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Шуна вогІур ву Іамиран кІант Увайс, Йаман охІланан къепалца, Мурадан тайпанах а, Къарн олучу махкара а волуш. Барс олу цамгар яра цуьнца, дирхІам диллал меттиг бен ца юсуш цунах цІанвелира иза. Нана ю цуьнан, иза цунна дика а волуш. Цо АллахІе дехахь – АллахІа цунна жоп лур ду-кх. Цуьнга хьайна гечдар дехийта хьайн ницкъ кхачахь, – и дойла ахь».** *Муслим.*
3. Фарз ламазашна тІаьхьа. Абу Умамата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьаьттира, аьлла: **«ХІай Делан Элча, муьлха доІа ду жоп дала герга?»** Цо жоп делира: **«Буьйса чекхъяла гергаяхча динарг, фарз ламазашна тІаьхьа динарг а ду»**. *Тирмизи.*
4. Фарз Іамалш кхочушйинчул тІаьхьа суннат Іамалш совъяхар. Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Веза-Сийлахьчу АллахІа аьлла: «Сайн гергарчу стагаца мостагІалла лаьцначуьнга Аса тІом кхайкхабо. Сан лай Суна герга ма ца хуьлу Аса шена**

**тӀедехкина фарзаш кхочушдарал Суна дукхадезаш долчу цхьана а хӀуманца. Суннатан Ӏамалш ярца Суна гергахиларх дӀа ма ца туьлу сан лай, Суна и дукхавеззалц; Суна и дукхавезча, цуьнан хазар (шеца цунна хезаш долу) Ӏалашдеш хуьлу Со. Цуьнан сагар (цунна шеца гуш долу) Ӏалашдеш хуьлу Со. Цуьнан куьг (цуо ша кховдош долу) Ӏалашдеш хуьлу Со. Цуьнан ког (шеца лелаш болу) Ӏалашбеш хуьлу Со. Цо Соьга дехча, Ас цунна лур ду; цо Соьга ларвар дехахь, и ларванза Ӏийр вац Со».** *Бухари.*

5. Ламазехь тӀаьххьара Этхьаг дешча, салам далале хьалха доӀадар. Ибн МасӀуда (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шайна ламазан Этхьаг а Ӏамийна, цунна тӀаьххье элира, аьлла: **«Цул тӀаьхьа шена там болуш хеташ долу доӀа а хаьржина, доӀа дийр ду цо».** *Бухари.*
6. Ламазна молла кхайкхарна, къамат дарна а юкъахь. Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла**: «Молла кхайкхарна, къамат дарна а юкъахь дина доӀа духатухуш дац».** *Тирмизи.*
7. Буьйса кхоалгӀачу декъе йирзина хан (Ӏуьйкъе). Ӏабасатан кӀанта Ӏамра (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«АллахӀ Шен лена уггар герга хуьлу хан – буьйса чекхъяла гергаяхча ерг ю. Оцу сохьтехь АллахӀ хьехочарех хила хьайн ницкъ кхачахь – хьо хилалахь».** *Тирмизи.*
8. НӀаьна кхойкхуш хезча, доӀадар. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«НӀаьна кхойкхуш шайна хазахь, АллахӀе къинхетам бар деха, баккъалла а, нӀаьнина малик гина; нагахь вир Ӏаьхаш шайна хазахь, АллахӀе шаьш шайтӀанах Ӏалашдар деха, баккъалла а, вирана шайтӀа гина».** *Бухари, Муслим.*
9. Ламазна кхойкхуш хезча доӀадар. СаӀдан кӀанта СахӀла (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Ши доӀа ду АллахӀа духа ца тухуш я ша духатохар чӀогӀа кӀезиг хуьлуш: ламазна кхойкхучу хенахь дина доӀа; тӀом луьрчу хьоле баьллачу хенахь дина доӀа».** *Абу Давуд.*
10. Ламазна къамат дечу хенахь. СаӀдан кӀанта СахӀла (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Ши сахьт ду, доӀа жоп ца луш ца дуьтуш: ламазна къамат дечу хенахь дина доӀа; АллахӀан новкъахь къахьоьгучеран могӀарехь дина доӀа».** *Ибн МажахӀ.*

11. ХIора буьйсанах цхьа сахьт. Джабира (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Баккъалла а, буьйсана чохь сахьт ду; оцу тIе бусалба стаг нислур вац, дуьненахь, эхартахь а долу дика АллахIе доьхуш, шена Цо и луш а бен. И сахьт хIора буьйсана ду».** *Муслим.*
12. ПIераскан дийнан цхьа сахьт. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), пIераскан де а хьахийна, элира, аьлла: **«Оцу чохь цхьа сахьт ду; оцу тIе бусалба стаг нислур вац, ламазна хIоьттина а волуш, АллахIе цхьа хIума доьхуш, шена Цо и луш а бен».** (Цо шен куьйгаца ишар йира, иза кIезиг хан хилар гойтуш). *Бухари, Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«ПIераскан дийнахь цхьа сахьт ду; оцу тIе бусалба стаг нислур вац, Деле дика хIума дехча, шена Цо и луш а бен. И сахьт малхбуза ламазал тIаьхьа ду».** *Ахьмад.*
13. Зам-зам хи молучу хенахь. Джабира (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Зам-зам хи** (хи молучун ниййате хьаьжжина) **ша меллачу бахьанина ду».** *Ибн МажахI, Ахьмад.*
14. Сужданехь волуш. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Лай шен Далла уггар герга воьду меттиг – иза и лай сужданехь волуш ерг ю. Цундела аш** (сужданехь) **доIанаш дуккха де».** *Муслим.*
15. Буьйсана набарх самаваьлча. Суннатехь деана доIа: Сóмитан кIанта Iубáдата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Буьйсана набарх самаваьлча: *«Лá илáхIа иллаллóхIу вахьдахIý лá шарúка лахIý, лахIуль-мульку ва лахIуль-хьамду ва хIува Iалá кулли шай-ин къодúр. Альхьамду лиллáхIи, ва субхьáналлóхIи, ва лá илáхIа иллаллóхIу валлóхIу акбару, ва лá хьавла ва лá къуввата иллá билллáхIиль-Iалиййиль-Iазы́м.*** *(Цхьаъ бен воцу, Шеца накъост воцу АллахI воцург, дела вац, Цуьнан ду паччахьалла, Цунна бу хастам, Иза массо а хIума дан ницкъ кхочуш ву. Хастам АллахIна бу; АллахI Шеца там боцчух цIена ву; АллахI воцург, дела вац; АллахI сийлахь ву. Я ницкъ а, я гIора а дац Везчу, Сийлахьчу АллахIехь бен)»* – ша аьллачунна, цул тIаьхьа**: «ХIай АллахI, суна гечдехьа» аьллачунна я доIа диначунна – жоп лур ду. Цо, ламаз а эцна, ламаз дахь – цуьнан ламаз къобалдийр ду».** *Бухари, Тирмизи.*

16. Шен доIина юккъе Юнус-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) дина доIа даладар. СаIда (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«ЧIеран кийрахь а волуш, Юнус-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа:** ***«Лá илáхIа иллá Анта субхьáнака иннú кунту миназ-зóлимúн.*** *(Хьо воцург, дела вац, цIена ву Хьо, баккъалла а, зуламхойх хили со).* **Бусалба стага цхьа хIума доьхуш и доIа дийр ма дац цкъа а, АллахIа цунна жоп луш а бен».** *Тирмизи, Ахьмад, Хьаким.*

17. Цхьаъ веллачул тIаьхьа наха доIа дечу хенахь. Умму Саламата (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Абу Саламатан хIусаме веара, иза вара шен са дIадолуш бIаьргаш гIаьттина а болуш. Цуьнан бIаьргаш дIа а хьаббина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Баккъалла а, са дIаэцча, бIаьрг цунна тIаьхьа хьожу».** ТIаккха цуьнан цIийнах болчу наха маьхьарий хьаькхира, тIаккха цо элира: **«Аш шайна ма дехалаш диканиг а бен, баккъалла а, маликаша áмúн олу аш олучунна».** Цул тIаьхьа цо элира: **«ХIай АллахI, Абу Саламатна гечдехьа, цуьнан дарж хьалаайбахьа нисбинчарлахь, цуьнан бисинчаьрга хьожуш хилахьа Хьо цул тIаьхьа, тхуна а, цунна а гечдехьа, хIай Iаламан да, цунна паргIато ехьа цуьнан кошахь, цунна цигахь нур а дехьа».** *Муслим.*

18. Фарз ламаз дихкича доьшуш долу доIа. Асхьабех волчу цхьана стага шен ламаз дIадолийра, хIара дешнаш олуш: ***«АллóхIу акбару кабúров-валь-хьамду лиллáхIи касúров-ва субхьáналлóхIи букратав-ва асылá.*** *(АллахI Воккха ву, ша боллу хастам а АллахIна бу, ЦIена ву АллахI Iуьйрана а, суьйрана а).* ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Ас тамаша бира оцу доIанах, стигланан неIарш дIайиллинера цунна».** *Муслим.*

19. Ахь фарз ламаз дихкича, хIара дешнаш олуш: ***«Альхьамду лиллáхIи касúрон, тIоййибан, мубáрокан фийхIи.*** *(Хастам АллахIна бу, дуккха а, цIена а, беркате а болу)*». Цхьана стага шен ламаз дIадолийра, хIара дешнаш олуш: ***«Альхьамду лиллáхIи касúрон, тIоййибан, мубáрокан фийхIи».*** ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ша ламаз дина ваьлча хьаьттира: **«Шух мила ву и дешнаш аьлларг?»** Нах тап-аьлла севцира. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «**Шух мила ву и дешнаш аьлларг, баккъалла а, цо вуониг ца аьлла».** ТIаккха цхьана стага элира: **«Суна дагадеара уьш ала, тIаккха ас элира уьш».** Пайхамара (Делера

салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Баккъалла а, шийтта малик гира суна, ша-ша уьш хьаладахьа къуьйсуш».** *Муслим.*

20. Фатихьа доьшучу хенахь. Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисехь деана: **«Цо** (стага) **аьлча:** ***«Иййáка наIбуду ва иййáка настаIи́н.*** *(Хьуна Iибадат до оха, Хьоьга гIо а доьху оха)»,* АллахIа олу: **«ХIара Суна а, Сан лена а юккъехь ду. Сан лена ша дехнарг ду».** Цо аьлча: ***«ИхIдинас-сыро́тIоль-мустакъи́м, сыро́тIоллази́на анIамта IалайхIим гIойриль-магIду́би IалайхIим валаддо́лли́н.*** *(Нийсачу некъа нисдехьа тхо. Айхьа ниIмат деллачеран некъа дигахь тхо, ма дигахь тхо Айхьа оьгIазло йинчеран, тилабеллачеран некъа)»,* АллахIа олу: **«ХIара Сан лена ду, Сан лена цо дехнарг ду».** *Муслим.*
21. Ламазехь олуш долу а́ми́н маликаша олуш долчуьнца цхьанадеача. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Имамо а́ми́н олучу хенахь а́ми́н алалаш, ша олуш долу а́ми́н маликаша олучуьнца цхьаьнадеанчунна гечдийр ду цо хьалха динчу къиношна».** *Бухари, Муслим.*
22. РукуIера хьаланисвелча, хIара дешнаш аьлча: ***«Роббанá ва лакаль-хьамду хьамдан касúрон, тIоййибан, мубáрокан фийхIи.*** *(Тхан Дела, Хьуна бу хастам, дуккха, цIена, беркате а болу хастам)».* РифáIата (Дела реза хуьлда цунна) элира: «Тхо дара Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тIаьхьа ламаз деш. Шен корта рукуIера хьалаайбича, цо элира: ***«СамиIаллóхIу лиман хьамидахI.*** *(АллахIна хеза Шена хастам беш верг)».* Цунна тIаьхьахIоьттинчу цхьана стага элира: ***«Роббанá ва лакаль-хьамду хьамдан касúрон, тIоййибан, мубáрокан фийхIи».*** Ша ламазах паргIатваьлча, цо хьаьттира: **«Мила вара вистхилларг?»** Оцу стага элира: **«Со вара».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Суна гира ткъе иттаннал сов малик, ша-ша и хьалха дIаяздан къуьйсуш».** *Бухари, Тирмизи.*
23. Ламазехь тIаьххьара Этхьаг доьшуш Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) салават а диллина доIадар. Фадалата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цхьана стага ламаз деш гира; АллахIна хастам а бина, Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) салават диллира цо. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цуьнга элира: **«ХIай ламаз деш верг, доIа де ахь – хьан доIина жоп лур ду, деха ахь – хьуна лур ду».** *Насаи.*

24. Ламазехь салам далале хьалха хIара дешнаш аьлча: ***«АллóхIумма иннѝ ас-алука Я̀ АллóхIу бианнакаль-Вáхьидуль-Ахьадус-Сомадуллазѝ лам йалид ва лам юлад, ва лам йакул-лахIý куфуван ахьад, ан тагIфира лѝ зунýбѝ, иннака Анталь-ГIофýрур-Рохьѝм.*** *(Я АллахI, баккъалла а, Хьоьга доьху аса, сан къиношна Ахьа гечдар, – Хьо цхьаъ волу дела, я АллахI, Хьо даима лаьтташ волу дела, я Хьан доьзал хилла боцу дела, я Хьо цхьаммо вина воцу дела, Хьох тера цхьа а воцу дела. Баккъалла а, Хьо ву гечдийриг, къинхетамениг)»***. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), ламаза тIехь цхьана стага хIара доIа деш шена хезча, элира: **«Баккъалла а, гечди цунна, баккъалла а, гечди цунна, баккъалла а, гечди цунна».** *Ахьмад.*
25. Ахь хIара дешнаш аьлча: ***«Аллóхlумма иннѝ ас-алука бианна лакаль-хьамда лá илáхIа иллá Анталь-Маннáну, йá бадѝIас-самáвáти валь-арды, йá заль-Джалáли валь-Икрóм, йá Хьаййу йá Къоййýм.*** *(Я АллахI, баккъалла а, Хьоьга доьху аса, – Хьуна хастам болу дела; Хьо воцург, дела вац, – даима диканиг дийриг, стигланашший, латтий Кхоьллинарг, хIай сийлаллин а, лераман а Да, хIай даима дийнаверг, хIай даима лаьтташ верг)»***. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), ламаза тIехь цхьана стага хIара доIа деш шена хезча, элира: **«Баккъалла а, АллахIе дийхи цо Цуьнан езчу цIарца, шеца доIа дича АллахIа жоп лур долуш, дехча АллахIа лур долуш а йолчу».** *Абу Давуд, Хьаким.*
26. ХIара доIа дича: ***«Аллóхlумма иннѝ ас-алука бианнѝ ашхIаду аннака АнталлóхIу лá илáхIа иллá Анталь-Ахьадус-Сомадуллазѝ лам йалид ва лам юлад ва лам йакул-лахIý куфуван ахьад.*** *(Я АллахI, баккъалла а, Хьоьга доьху аса, Хьо АллахI ву аьлла айса тоьшалла до дела; Хьо воцург, дела вац, Хьо даима лаьтташ волу дела, цкъа а лийр воцуш, Шен доьзалхо хилла воцу я Ша нанас вина воцу, Шех тераниг цхьа а воцу)»***. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цхьана стага хIара доIа деш шена хезча, элира: **«Баккъалла а, АллахIе дийхи ахь Цуьнан езчу цIарца, шеца дехча АллахIа лур долуш, доIа дича АллахIа жоп лур долуш а йолчу».** *Абу Давуд, Хьаким.*
27. Ша ламаз эцна ваьлча, бусалба стага суннатехь долу доIа дар. Iумара (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шух цхьа а ма вац, ша эца ма-деззара ламаз а эцна, цул тIаьхьа ша олуш:** ***«АшхIаду ал-лá илáхIа иллаллóхIу вахьдахIý лá шарѝка лахIу, ва ашхIаду анна Мухьаммадан IабдухIу ва росýлухIу. АллóхIуммажIалнѝ минат-таввáбѝна, важIалнѝ миналь-мутатIоххIирѝн.*** *(Ас тоьшалла до,*

*АллахӀ воцург, кхин дела вац аьлла; Ша цхьаъ ву Иза, шеца накъост воцуш; ас тӀаккха а тоьшалла до, Мухьаммад Цуьнан лай а, Элча а ву аьлла. Я АллахӀ, со тобадинчарах а, цӀанойинчарах а вехьа)***»,**
**ялсаманин бархӀе неӀ АллахӀа цунна дӀайоьллуш а бен, шен луъучу неӀарехула и чувахийта».** *Муслим.*

28. Ӏарафат дийнахь хьаж деш волчо доӀадар. ШуӀайбан кӀанта Ӏамра (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, шен дас шен дегара дийцира, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«АллахӀе доьхуш дечу доӀанех уггар деза доӀа Ӏарафат дийнахь Цуьнга доьхуш динарг ду. Ткъа аса а, соьл хьалха хиллачу пайхамарша а аьллачу дешнех уггар деза дешнаш хӀорш ду:** ***«Ла́ ила́хӀа иллалло́хӀу вахьдахӀу́ ла́ шари́ка лахӀу. ЛахӀуль-мульку ва лахӀуль-хьамду, ва хӀува Ӏала́ кулли шай-ин къоди́р.*** *(Цхьаъ волу, шена декъахо воцу АллахӀ воцург, дела вац; Цуьнгахь ду паччахьалла, Цунна бу хастам, Иза массо а хӀума дан ницкъ кхочуш ву)***». Тирмизи.***
29. Делкъа ламаз дале хьалха, малх дӀатевжинчул тӀаьхьа. Са́ибан кӀанта ӀабдуллахӀа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) малх дӀатевжинчул тӀаьхьа, делкъа ламаз дале хьалха, диъ ракаӀат ламаз дора, аьлла. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Баккъалла а, иза стигланийн неӀарш дӀайоьллу хан ю, суна лаьа оцу хена чохь сайн дика Ӏамал хьалаяхьа».** *Тирмизи, Ахьмад.*
30. Рамадан баттахь. Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Рамадан бутт тӀебеъча, ялсаманин неӀарш дӀайоьллу, жоьжахатин неӀарш дӀакъовлу, шайтӀанашна буржалш туху».** *Бухари, Муслим.*
31. Бусалба нах АллахӀ хьехочу меттехь гулбелча. Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Баккъалла а, АллахӀан маликаш ду некъашкахь лелаш, АллахӀ хьехош болу нах лоьхуш. Царна цхьа нах карийча Лекха-Сийлахь Волу АллахӀ хьехош, уьш кхойкху: **«Схьадуьйла шаьш лоьхучу хӀумане».** ТӀаккха шайн тӀемашца маликаша гуо бо царна, дуьненан стигала хьалакхаччалц. ТӀаккха церан Дала цаьрга хотту, Ша тӀех дика хууш волушшехь: **«Сан леша хӀун боху?»** Цара олу (жоп луш): **«Хьуна тасбихь до цара, Алло́хӀу Акбару боху цара, Хьуна хастам бо цара, Хьо ваз а во цара».** ТӀаккха АллахӀа хотту: **«Со гиний царна?»** Цара жоп ло: **«ВаллохӀи, царна Хьо гина ма вац».** АллахӀа юха а хотту: **«Со шайн гича, муха хир бара уьш?»** Цара жоп ло: **«Хьо царна гича, уьш хьуна Ӏибадат**

**дарехь, Хьо вазварехь а, Хьуна тасбихь дарехь а кхин чIогIа хир бара».** ТIаккха АллахIа олу: **«Цара доьхург хIун ду?»** Маликаша жоп ло: **«Хьоьга ялсамани йоьхуш бу уьш».** ТIаккха АллахIа олу: **«Царна гиний иза?»** Маликаша жоп ло: **«ВаллохIи, хIай тхан Дела, царна гина ма яц иза».** ТIаккха АллахIа олу: **«И шайна гича муха хир бара уьш?»** Маликаша жоп ло: **«Царна и гина елахьара, уьш цу тIехь кхин тIех сутара хир ма бара, и тIех чIогIа лоьхуш хир ма бара, цуьнгахь чIогIа безам болуш хир ма бара».** ТIаккха АллахIа олу: **«Стенах ларбар доьху цара?»** Маликаша жоп ло: **«Уьш жоьжахатих шаьш ларбар доьхуш бу».** ТIаккха АллахIа олу: **«Царна гиний и жоьжахати?»** Маликаша жоп ло: **«ВаллохIи, хIай тхан Дела, царна гина ма яц иза».** ТIаккха АллахIа олу: **«И шайна гича, муха хир бара уьш?»** Маликаша жоп ло: **«Царна и гина елахьара, цунах кхин чIогIа бовдур, кхин чIогIа кхоьрур а бара уьш».** ТIаккха АллахIа олу: **«Ас шу теш лоцу, баккъалла а, Айса царна гечдина хиларна».** Маликех цхьана малико олу: **«Царех воцуш цхьа хьанех ву цаьрца, шен гIуллакхана веана».** ТIаккха АллахIа олу: **«Уьш цхьаьнакхеттарш бу, шайца охьахиънарг дакъазавер воцуш».** *Бухари, Муслим.*

32. Зуль-хьиджат беттан хьалхарчу итт дийнахь деш долу доIа. Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Денойх цхьа а де ма дац, шена чохь еш йолу дика Iамал АллахIна дукхаезаш, хIокху денойл а»** – (Зуль-хьиджат беттан хьалхара итт де ду цунах лууш дерг). Цара элира: **«ХIай АллахIан Элча, АллахIан новкъахь гIазот дар а дац?»** Цо элира: **«АллахIан новкъахь долу гIазот а дац, шен даьхница, шен сица а араваьлла, цунах цхьа а хIума духа ца дохьуш волу стаг воцург».** *Бухари, Абу Давуд.*
33. Генахь волчу шен бусалба вешина деш долу доIа. Абу Дардаа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Генахь волчу шен вешина доIа деш волу цхьа а бусалба лай ма вац, малико олуш а бен: «Хьуна а хуьлийла и саннарг».** *Муслим.*
34. Цхьамма шена зулам дина волчо деш долу доIа. Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), ша МуIаз Йемен-махка вохуьйтуш, элира, аьлла: **«Цхьаммо шена зулам динчо дечу доIанах кхералахь, баккъалла а, цуьнан доIина а, АллахIна а юккъехь пардо дац».** *Бухари.*
35. Дас-нанас доьзалхочунна дика я вуон доьхуш дина доIа.

36. Некъахочо дина доIа. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Кхо доIа ду, шегахь шеко а йоцуш, жоп луш: шена цхьамма зулам динчо дина доIа; некъахочо дина доIа; шен доьзалхочунна дас-нанас дина доIа».** *Тирмизи.*
37. Марха кхаьбначо – и достуш а, нийсо еш волчу имамо а, цхьаммо шена зулам динчо а дина доIа. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Кхоъ ву, шаьш дина доIа духатухур доцуш: марха долуш верг, – цо марха дастталц; нийсо еш волу имам; цхьаммо шена зулам динарг…»** *Тирмизи.*
38. Дикачу доьзалхочо дина доIа. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Адам делча цуьнан Iамал дIахедаш ю, кхо хIума доцург: лелаш долу сагIа; шех пайдаоьцу Iилма; цунна доIа деш волу дика доьзалхо а».** *Муслим.*
39. Гаттавелчо дина доIа. Веза-Сийлахьчу Дала аьлла: **«Мила ву ткъа** (АллахI воцург) **гаттавеллачунна жоп луш верг, цо шега дехча?»** *«Ан-Намль», 62.*
40. Ламаз карахь долуш, АллахI хьехош буьйса яьккхинарг. Джабалан кIанта МуIаза (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Цхьа а бусалба стаг ма вац, ламаз карахь а долуш ша дIавуьжуш, буьйсана набарх ша самаваьлча дуьненахь, эхартахь а долу дика АллахIе доьхуш, шена Цо и луш а бен».** *Абу Давуд, Ахьмад.*
41. Дикчу доьзалхочо дена-нанна дина доIа. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, АллахIа шен лай ялсамани чохь даржехь лакхавоккху, тIаккха оцу лено ша олуш: «ХIай сан Дела, хIокху дарже хIун бахьанехь кхаьчна со?» ТIаккха АллахIа олу: «Хьан доьзалхочо хьуна гечдар дехар бахьана долуш».** *Ахьмад.*
42. Хьаж-Iумрат дечо, АллахIан новкъахь къахьоьгуш волчо а дина доIа. Ибн Iумара (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«АллахIан новкъахь къахьоьгуш верг, хьаж-Iумрат деш верг а – уьш АллахIан тоба ю. АллахIа шайга кхайкхам бича, цара Цунна жоп делира, тIаккха цара Цуьнга дехча, Цо царна жоп делира».** *Ибн МажахI.*
43. АллахI дукха хьехош волчо дина доIа. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда

цунна) элира, аьлла: «**Кхоъ ву, шаьш дина доIа духатухур доцуш: АллахI дукха хьехош верг; цхьаммо шена зулам динарг; нийсо еш волу имам».** *БайхIакъи, ТIабарани.*

**Адам-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**

Иблисо (шайтIано) ша Iехор бахьана долуш, Адам-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) Веза-Сийлахьчу АллахIа шега ма баа аьлла болу стом биира. АллахIа дагатесира Адамна (Делера салам хуьлда цунна) тобадаран дешнаш (иза дохковаларна), тIаккха Адама (Делера салам хуьлда цунна) элира: ***«Роббана́ золамна́ анфусана́ ва ил-лам тагIфир лана́ ва тархьамна́ ланаку́нанна миналь-хо́сири́н.*** *(Тхан Дела, оха зулам дина тхайн догIмашна; Ахь тхуна геч ца дахь, Ахь тхох къинхетам а ца бахь, баккъалла а, тхо хир ду дакъазадевллачарах)****».*** *«Аль-АIраф», 23.*

**Нухь-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Нухьа элира: «Сан Дела, Ахь ма виталахь лаьтта тIехь керсталла динчарах цхьа а цIа чохь вехаш верг. Баккъалла а, Ахь уьш битахь, цара Хьан леш тилор бу, цара дуьненчу бохур бац къинош дийриш, керсталла дийриш бен. Сан Дела, Ахь гечдехьа суна, сан дена-нанна, бусалба а волуш сан хIусаме веанчунна, ийман диллинчу божаршна, ийман диллинчу зударшна, зуламхой сов ма баха Ахь, хIаллакьхиларехь бен».** *«Нухь», 26-28.*

**ИбрахIим-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ИбрахIима аьлла хан дагаяийта:** ***«РоббижIал хIа́заль-балада а́минан, важнубни́ ва банийй̆а ан наIбудаль-асна́м.*** *(ХIай сан Дела, Ахь хилийтахь хIара шахьар тешаме (кхерам боцуш), со а, сан кIентий а генабахахь цIуйшна Iибадат дарх)****».*** *«ИбрахIим», 35.* Ибн Каси́ра (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Баккъалла а, АллахIа жоп делира ИбрахIиман доIина». Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Царна ца го-те, Оха Хьарм** (Макка) **тешаме йина хилар».** *«Аль-Iанкабут», 67.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIай тхан Дела! Ас сайн цхьаболу доьзал баха хаий-кх ялта доцчу боьрахь, Хьан сийлахьчу цIенна уллохь, цара цигахь, хIай тхан Дела, ламаз хIотторхьама. Нехан дегнаш цаьрца уьйр**

**йолуш хилийтахь, царна рицкъа а лохьа** (массо) **стоьмех, уьш** (Хьуна) **шукра деш хилийтархьама».** *«ИбрахIим», 37.* Ибн Касйра (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Баккъалла а, АллахIа жоп делира ИбрахIиман доIина, Веза-Сийлахьчу Дала ма боху: **«Оха ца йина царна тешаме Хьарм, цига массо хIуманан стоьмаш кхоьхьуш, тхуна гергара рицкъа хилла».** *«Аль-Къасас», 57.* Иза АллахIан комаршонах, къинхетамах, Цуьнан беркатах а ду. Сийлахьчу Маккахь шена тIе стом латош цхьа а дитт ца хилла, амма ИбрахIима (Делера салам хуьлда цунна) динчу доIина жоп луш, гондхьарчу мехкашкара стоьмаш кхехьа болийна цига.

Веза-Сийлахьчу Дала Шена везначу ИбрахIимна кхин дуккха а меттигашкахь жоп делла. Иштта берриг а пайхамарш шайн доIина жоп луш бу, доIина жоп даларан бехкамаш цара кхочушбар бахьанехь. Цундела Веза-Сийлахьчу Дала, ИбрахIима динчу доIин хьокъехь, аьлла-кх: **«АллахIна бу хастам, суна воккхаллехь ИсмаIил, Исхьакъ а веллачу, баккъалла а, Иза доIа хезаш Верг Ву».** *«ИбрахIим», 39.*

**ЯIкъуб-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**

Шен кIентан Юсуфан коч йохьуш, иза барзо виъна аьлла, суьйрана белха а боьлхуш цуьнан вежарий цIа баьхкича, ЯIкъуба (Делера салам хуьлда цунна) аьлла: **«Шун синоша цхьа гIуллакх хаздина шуна. Собар дар дика ду-кх. АллахI ву-кх, аша хIотточу суьрта тIехь Шега гIо деха хьакъ верг».** *«Юсуф», 18.*

Цул тIаьхьа шен жимахволу кIант Биньямин Мисрахь витина, цуьнан вежарий цIа баьхкича, ЯIкъуба (Делера салам хуьлда цунна) цаьрга аьлла: **«ХIаъ! Шун синоша цхьа болх хазбина шуна. Собар дар дика ду-кх. АллахIа уьш берриге схьабало мега суна. Баккъалла а, Иза – хууш верг а, массо хIума нийса деш верг а Ву».** *«Юсуф», 83.*

ТIаккха царна къайла а ваьлла, чIогIа вилхина иза, шен гIайгIа-бала АллахIе балхош. Цул тIаьхьа цо аьлла: **«ХIай сан кIентий! ДIагIо, Юсуфах а, цуьнан вешех а лаьцна таллам бе. АллахIан къинхетамах дог ма дилла. Баккъалла а, АллахIан къинхетамах дог дуьллур ма дац Делах ца тешачу къомо а бен».** *«Юсуф», 87.*

Веза-Сийлахьчу Дала ЯIкъуба (Делера салам хуьлда цунна) динчу доIина жоп делла, Юсуф, Биньямин а цунна вухаваларца. Юсуфан (Делера салам хуьлда цунна) коч юьхьа тIе хьаькхча, цуьнан бIаьрса а духаделла АллахIа.

Вежарий шаьш Юсуфана (Делера салам хуьлда цунна) зулам дарна дохкобевлча, АллахIе царна гечдар дийхира ЯIкъуба (Делера салам хуьлда цунна). Цул тIаьхьа уьш берриге а Юсуф (Делера салам хуьлда цунна) волчу Мисра бахара. Иштта ю-кх собаре хиларан хастаме тIаьхье.

### **Юсуф-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**

Веза-Сийлахьчу Дала Юсуфан (Делера салам хуьлда цунна) хьокъехь аьлла: **«Цо** (Юсуфа) **элира: «ХIай сан Дела, набахте дукхаезаш ма ву со, цара соьга де бохучул а; церан** (зударийн) **мекарлонах Ахьа со хьалха ца ваккхахь, со царна тIевоьрзур ву – тIаккха со жехIил нахах хир ма ву. Цуьнан Дала жоп делира цунна, Цо иза хьалхаваьккхира церан** (зударийн) **мекарлонах. Баккъалла а, Иза хезаш верг, хууш верг а Ву».** *«Юсуф», 33*. Иштта доIа дира Юсуфа (Делера салам хуьлда цунна), Зулайхас шен дагара хаийтича, цуьнан мекарлонах ша ларвар доьхуш. Шахьарахь болчу зударшна юккъехь эладита даьржира, Зулайхас шен хIусамехь волчу кIантана дагара хаийтина, бохуш. Цара ша бехке еш хабарш дуьйцуш хилар шена хиъча, Зулайхас цхьана дийнахь ша йолчу хьошалгIа кхайкхира уьш. Царна хьалха стоьмаш бехкина, хIора зудчун кара урс а делла, Юсуф (Делера салам хуьлда цунна) схьакхайкхира Зулайхас. Цуьнан хазаллех цецбевлла, шаьш хIун леладо а ца хууш, цара шайн куьйгаш а хедийна, элира: **«ХIара адам дац! ХIара сийлахь малик ду!»** *«Юсуф», 31.* ТIаккха Зулайхас элира: **«И ву-кх шуна, аша суна шен хьокъехь бехкаш дехкинарг! Ас цунна дагара хаийтира – иза чIогIа ларвелира. Ас шега омра дийриг цо ца дахь, набахти чу вуллур ву иза».** *«Юсуф», 32.* Юсуфа (Делера салам хуьлда цунна) динчу доIина АллахIа жоп делира, зударийн мекарлонах иза хьалха а ваьккхира**,** баккъалла а, Иза доIа хезаш верг, адамехь долу хьал хууш верг а Ву.

### **Айюб-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Айюб а хьахаве ахь, шен Деле кхайкхина волу: «Баккъалла а, со балано лаьцна, ткъа Хьо къинхетам бечарах уггар Къинхетаме верг ма ву». Оха цуьнан доIина жоп делира, цуьнгара бала а дIабаьккхира. Оха цунна цуьнан доьзал юхабелира, цаьрца цхьаьна кхин оццул а, – Тхайна гергара къинхетам бархьама а, Iибадат дечарна хьехам хилийтархьама а».** *«Аль-Анбияъ», 83-84.*

Ибн Каси́ра (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Айюб-пайхамарна (Делера салам хуьлда цунна) АллахIа массо а тайпанара дукха даьхни делла хилла. Цул совнаха, шортта латта, ялхой, йохк-эцар лелоран даьхни а хилла цуьнан. АллахIа цунна доьзал белла: ворхI кIанттий, ворхI йоIIий а. Доккхачу дегIахь, дика могашалла йолуш, онда стаг хилла Айюб-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна). Цул тIаьхьа Веза-Сийлахьчу АллахIна лиъна балица иза зен, шега кхаьчначу халонна тIехь собаре хиларехь тIаьхьабогIучу нахана масал хилийтархьама. Уггар хьалха, даьхни хIаллакьхилла, къевелла иза. ТIаккха тIаьхье-хьалхе дерриг бераш (ворхI кIант, ворхI йоI а) делла висина иза. Цул тIаьхьа АллахIа цамгаран балица зийна Айюб (Делера салам хуьлда цунна). Цуьнан дегIа тIехь могуш меже ца йисна, дог а, мотт а боцург. Оцу берриг а баланашна собаре хилла, АллахIера ял хиларе сатуьйсуш волуш, дийнахь, буса а АллахI хьехочуьра соцуш ца хилла иза. Цунах цамгар яларна кхоьруш, доттагIий, гергара нах а цунна тIебогIучуьра севцца. ТIаьххьар а, цуьнан хIусамнана Рахьмат йоцург гIо дан адам ца дисна цунна. БерхIитта шарахь, собарх ца вухуш, цамгар лайна цо, цхьаьнненга а балхам ца беш. Иштта хиллачу хьолехь, Веза-Сийлахьчу Деле кхайкхина иза: **«Баккъалла а, со балано лаьцна, ткъа Хьо къинхетам бечарах уггар Къинхетаме верг ма ву». Оха цуьнан доIина жоп делира, цуьнгахь болу бала а дIабаьккхира. Оха цунна цуьнан доьзал юхабелира, цаьрца цхьаьна кхин оццул а, – Тхайна гергара къинхетам бархьама а, Iибадат дечарна хьехам хилийтархьама а».** *«Аль-Анбияъ», 83-84.*

**Муса-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Мусас элира: «ХIай тхан Дела, баккъалла а, ФирIавнна, цуьнан элашна а дуьненан дахарехь хазалла, бахам а белла Ахьа, – хIай тхан Дела, уьш тилабалийтархьама Хьан новкъах** (уьш зуьйш)**. ХIай тхан Дела, церан бахам хIаллакбе Ахь, церан дегнаш чIагIде Ахь** (йиманах дIахьовзаде)**, уьш тешар болуш бац шайна лазош долу Iазап гайтталц. Цо** (АллахIа) **элира: «Баккъалла а, шуьшиннан доIина жоп делла».** *«Юнус», 88-89.* Ибн Каси́ра (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«АллахIа жоп делира Мусана** (Делера салам хуьлда цунна)**, цуьнца цхьаьнаболчарна а. ФирIавн, цуьнан эскар а хIорда чохь хIаллакдира АллахIа».**

**Сулайман-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цо** (Сулаймана) **элира: «Сан Дела, сан даг чу диллахьа, Ахьа суний, сан дений-нанний динчу диканна хастамбар а, ас Хьо резаволу дика Іамал яр а. Хьайн къинхетамца, Хьайн дикчу лейх вехьа со».** *«Ан-Намль», 19.*

### **Юнус-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доІа**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Зун-Нун** (Юнус-пайхамар) **шен къомана оьгІазвахана дІавахана хан хьахае, цунна моьттура Оха шена таІзар дийр дац, тІаккха цо кхайкхира боданехь:** ***«Ла́ ила́хІа илла́ Анта субхьа́нака инни́ кунту миназ-зо́лими́н.*** *(Хьо воцург, дела вац, цІена ву Хьо, баккъалла а, зуламхойх хили со)».* **Оха цунна жоп делира, баланах и хьалха а ваьккхира, иштта кІелхьарбоху Оха ийман диллинарш».** *«Аль-Анбияъ», 87-88.*

Ибн Каси́ра (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Везчу АллахІа Юнус (Делера салам хуьлда цунна) элча вина вахийтинера Іиракъехь йолчу Найнава олучу юьртан охІланна. Юнуса (Делера салам хуьлда цунна) масийтта шарахь АллахІна Іибадат даре кхайкхира уьш. Бакъду, уьш керсталла дарх буха ца бевлира, цара Юнус-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) харцвира. Шайгахь йолчу Іесаллица уьш дозанал тІехбевлча, Юнус (Делера салам хуьлда цунна) оьгІаз а вахана, царна юкъара дІавахара. Цо царна чІагІо йира, кхо де даьлча цаьрга АллахІера Іазап кхочур ду, аьлла. Юьртан охІланна хиира, Юнуса (Делера салам хуьлда цунна) чІагІо йина долу Іазап шайна тІе досса герга дуйла. АллахІа царна дагатесира тоба а дина Шега берзар. АллахІе ийман диллина, Цунна хьастабелла, кхаа дийнахь, боьлхуш, шайна гечдар дийхира цара. ТІаккха Везчу АллахІа Шен къинхетамца царна тІедан кечделла долу Іазап дІаайбира. Ткъа Юнус (Делера салам хуьлда цунна) АллахІа дина омра а доцуш, адамех доьттинчу хІордкеманна тІехиира. Кема дехьо даьлча, хІорд ловзабаьлла, уьш хІаллакьхила гергабахара. Кемана тІехь болчара шайна юкъахь кхаж таса барт бира, кхаж баьлларг хІорда чу кхуссур волуш. Дуьххьарлера кхаж Юнус-пайхамарна (Делера салам хуьлда цунна) белира, амма царна и хІорда чу кхосса ца лиира. ШозлагІа, кхоазлагІа кхаж тесча, Юнусана (Делера салам хуьлда цунна) кхаж белира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цо кхаж тесира – иза эшначарах хилира».** *«Ас-Соффат», 141.* Цара иза хІорда чу кхоьссича, хІорд карзахбаьллачуьра сецира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«И кхаьллира боккхачу чІеро, и бехке а волуш».** *«Ас-Соффат», 142.* Веза-Сийлахьчу Дала оцу чІере омра дина, цуьнан жижиг ма даа, цуьнан даьІахкаш ма кегъе,

иза хьан рицкъа дац, аьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Боданашкахь волуш** (АллахIе) **кхайкхира иза:** ***«Ла́ иляхIа илла́ Анта субхьа́нака инни́ кунту миназ-зо́лими́н.*** *(Хьо воцург, дела вац, цIена ву Хьо, баккъалла а, зуламхойх хили со)».* **Оха цунна жоп делира, баланах и хьалха а ваьккхира, иштта кIелхьарабоху Оха ийман диллинарш».** *«Аль-Анбияъ», 87-88.*

**Закарийя-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оцу хенахь** (АллахIа Марьямана делла караматаш шена гича) **кхайкхира Закарийя шен Деле, цо элира: «Сан Дела, Хьайна гергара дика доьзал лохьа суна, баккъалла а, Хьо ма ву доIа хезаш».** *«Алу Іимран», 38.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Закарийя шен Деле кхайкхина хан хьахае ахь: **«Сан Дела, ма витахь со цхьалха** (доьзалхо воцуш)**, Хьо ма ву ирс лучарех уггар диканиг! Оха цуьнан доIина жоп делира, цунна Яхьъя** (цIе йолуш доьзалхо) **велира, Оха цуьнан хIусамнана** (доьзалхо хир волуш) **тойира».** *«Аль-Анбияъ», 89-90.*

**Іийса-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «**Марьяман кIанта Іийсас элира: «ХIай АллахI – тхан Дела, стиглара шун доссадехьа тхуна, дезде хир дара тхуна цунах – тхан хьалхарчарна а, тхан тIаьхьарчарна а, хьоьгара билгало а хир яра. Тхуна рицкъа а лохьа, рицкъа лучарах уггар диканиг ма ву Хьо». Дала элира: «Ас доссор ду шуна и** (даарх дуьззина шун)**. Цул тIаьхьа шух керсталла динчунна Ас чIогIа Іазап лур ду, Іаламехь Айса цхьанненна ца деллачу кепара».** *«Аль-Маидат», 114-115.* ХIара доIа динера Іийса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна), хьаварийюнаша (Іийсана тIаьхьахIиттина апостолш) шега аьллачу хенахь: **«ХIай Марьяман кIант Іийса, хьан Делан ницкъ кхочур барий тхуна стиглара шун доссо?» Цо элира: «АллахIах кхера шу, шаьш ийман диллина делахь». Цара элира: «Тхуна лаьа цу чуьра хIума яа, тхайн дегнаш паргIатдаха а, хьо тхоьга бакълийна хилар тхуна хаа а, оцу тIехь тхо тоьшалла дечарах хила а».** *«Аль-Маидат», 112.* Веза-Сийлахьчу АллахIа цуьнан доIина жоп делира.

**Мухьаммад-пайхамара** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **дина доIанаш**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш вара, аьлла: ***«АллóхIумма аслихь лú дúнийаллазú хIува Iисмату амрú, ва аслихь лú дунья́йаллатú фúхIá маIáшú, ва аслихь лú áхиротийаллатú фúхIá маIáдú, важIалиль-хьая́та зия́датан лú фú кулли хойрин, важIалиль-мавта рóхьатан лú мин кулли шаррин.*** *(Я АллахI, суна тодехьа сан белхаш Iалашбеш долу сан дин, суна тодехьа шена чохь сан дахар долу сан дуьне, суна тодехьа со шена чу воьрзур волу сан эхарт, сан дахар а дехьа массо дикачу хIуманехь со соввоккхуш, сан валар а дехьа массо вуочу хIуманах со паргIатвоккхуш)».* *Муслим.*

Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш вара, аьлла: ***«Я́ мукъоллибаль-къулу́би, саббит къолбú Iалá дúника.*** *(ХIай дегнийн ойланаш хуьйцург, сан дог Хьайн дина тIехь сацадехьа (чIагIдехьа)».* *Муслим.*

Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) уггар дукха хIара доIа дора, аьлла: ***«АллóхIумма áтинá фиддунйá хьасанатав-ва филь-áхироти хьасанатав-ва къинá Iазáбаннáр.*** *(ХIай тхан Дела, Ахьа тхуна дуьненахь а диканиг лохьа, эхартахь а диканиг лохьа, тхо жоьжахатин Iазапах лар а дехьа)».* *Бухари.*

Маликан кIанта Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш вара, аьлла: ***«АллóхIумма иннú аIу́зу бика миналь-хIамми валь-хьазани, ва аIу́зу бика миналь-Iажзи валь-касали, ва аIу́зу бика миналь-джубни валь-бухли, ва аIу́зу бика мин гIолабатид-дайни ва къохIрир-рижáл.*** *(Я АллахI, Хьоьга доьху аса, сингаттамаххий, гIайгIанаххий со Iалашвар, Хьоьга доьху аса, кIелвисарххий, малонаххий со Iалашвар, Хьоьга доьху аса кIилло валарххий, бIаьрмецигаллаххий со Iалашвар, Хьоьга доьху аса, декхаро кIелвитарххий, дукхах долчу хьолехь адамаш сийсаздечу хIуманаххий со Iалашвар)».* *Бухари.*

**ТIаьххьарлера вайн кхайкхам – Iаламаш кхобуш, кхиош а Волчу АллахIна хастамбар ду.**

**Чулацам**

**Дешхьалхе**
**ДоIадаран дозалла**
**ДоIадаран бехкамаш**
**ДоIина жоп далар духатуху бахьанаш**
**ДоIадарехь дуьйлу цхьадолу гIалаташ**
**ДоIадаран гIиллакхаш**
**ДоIина жоп даларна там болуш йолу хенаш, хьелаш, меттигаш а**
**Адам-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**
**Нухь-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**
**ИбрахIим-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**
**ЯIкъуб-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**
**Юсуф-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**
**Муса-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**
**Айюб-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**
**Юнус-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**
**Закарийя-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**
**Сулайман-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**
**Iийса-пайхамара** (Делера салам хуьлда цунна) **дина доIа**
**Мухьаммад-пайхамара** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **дина доIанаш**


**Составитель – Халид бин Сулайман бин Али**
**Переводчик – Магамедов Сулиман Рахманович**

**Рецензенты – Р.А. Даев, А.Б. Алиев, М.Р. Эдихаджиев**

**Редактор – А.А. Гайтукаев**
**Верстка, дизайн – С-М.М. Тасуев**